**दिन–बुधवार** **दिनांक–15.05.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

लोकसभा चुनावक पाँचम, छठम आओर सातम चरण लेल प्रचार–प्रसार जोर–शोर सँ चलि रहल अछि। भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष जे.पी. नड्डा आइ शिवहर संसदीय क्षेत्रक सिरौना मे जदयू उम्मीदवार लवली आनन्दक समर्थन मे एक चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। श्री नड्डा राजद आओर कांग्रेस पर भ्रष्टाचार आओर वंशवादी राजनीति के बढ़ावा देबाक आरोप लगौलनि। ओ जनौलनि जे आर.जे.डी  माने रिश्वतखोरी, जंगलराज आओर दलदल अछि। श्री नड्डा जनौलनि जे जमीन सँ लऽकऽ समुद्र, अंतरिक्ष आओर पताल धरि कांग्रेस भ्रष्टाचार कयलक अछि। भाजपा अध्यक्ष इंडी गठबंधन पर धर्मक आधार पर आरक्षण देबाक साजिश करबाक आरोप लगौलनि।

एम्हर, राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे जनौलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक गलत नीतिक कारण युवा सभ मे निराशा अछि। ओ जनौलनि जे पचीस करोड़ युवा सभ उम्र सीमा बीत गेल अछि आओर ओ सभ बेरोजगार छथि। श्री यादव प्रधानमंत्री पर देश के गुमराह करबाक आरोप लगौलनि। दोसर दिस भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष सम्राट चौधरी आओर लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक राष्ट्रीय अध्यक्ष चिराग पासवान पूर्वी चंपारण लोकसभा क्षेत्रक हरसिद्धी मे एनडीए उम्मीदवार राधामोहन सिंहक पक्ष मे एक चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि।

---

लोकसभा चुनावक सातम आओर अंतिम चरण लेल राज्यक आठ लोकसभा क्षेत्र मे नामांकन पत्रक जाँच संपन्न भऽ गेल। ई सभ क्षेत्र मे काल्हि धरि नामांकन पत्र भरल गेल। सासाराम संसदीय क्षेत्र मे चारि उम्मीदवार सभक नामांकन पत्र रद्द भेल अछि। दस उम्मीदवारक नामांकन पत्र सही पाओल गेल। ई सभ लोकसभा क्षेत्र मे दू सय उनैस उम्मीदवार सभ नामांकन पत्र भरलनि अछि। चुनाव आयोग सँ भेटल जनतबक अनुसार नालंदा लोकसभा क्षेत्र मे तैंतीस, पटना साहिब मे बत्तीस, पाटलिपुत्र मे चौबीस, आरा मे

बाईस, बक्सर मे सत्ताईस, सासाराम मे चौदह, काराकाट मे सत्ताईस आओर जहानाबाद लोकसभा क्षेत्र मे चालीस उम्मीदवार सभ नामांकन पत्र भरलनि अछि। उम्मीदवार सभ सत्रह मई धरि अपन नाम वापस लऽ सकैत छथि। ई चरण मे एक जून कऽ भोट खसाओल जायत।

———————————————————————

एम्हर, भोजपुर जिलाक अगिआंव विधानसभा उप–चुनाव लेल आठ उम्मीदवार सभ नामांकन पत्र भरलनि अछि। उप–चुनाव लेल आइ नामांकन पत्रक जाँच सम्पन्न भऽ गेल। उम्मीदवार सभ सतरह मई धरि अपन नाम वापिस लऽ सकैत छथि। भोट एक जून कऽ होयत।

———————————————————————

जनता दल युनाइटेडक पूर्व विधायक पूनम देवी पार्टीक प्राथमिक सदस्यता सँ त्यागपत्र दऽकऽ कांग्रेस मे शामिल भऽ गेलीह। पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष अखिलेश प्रसाद सिंह पटना मे हुनका प्राथमिक सदस्यता दिऔलनि। ओ वर्ष दू हजार पाँच सँ वर्ष दू हजार बीस धरि खगड़िया विधानसभा क्षेत्र सँ जदयू विधायक रहैथ।

———————————————————————

निर्वाचन आयोग लोकसभा चुनावक चारिम चरण मे राज्यक पाँच संसदीय क्षेत्र–दरभंगा, उजियारपुर, समस्तीपरु, बेगूसराय आओर मुंगेर मे तेरह मई कऽ भेल मतदानक संसोधित आंकड़ा जारी कयलक अछि। ई सभ क्षेत्र मे अंठावन दशमलव दू एक प्रतिशत मतदाता सभ अपन मताधिकारक प्रयोग कयलनि। सभ सँ बेसी समस्तीपुर मे साठि दशमलव एक–एक प्रतिशत मतदान भेल अछि। ओतहि, उजियारपुर मे उनसठि दशमलव पाँच नओ, बेगूसराय मे अंठावन दशमलव सात, दरभंगा मे संतावन दशमलव तीन सात आओर मुंगेर लोकसभा क्षेत्र मे पचपन दशमलव पाँच–पाँच प्रतिशत मतदान भेल। ई आंकड़ा वर्ष दू हजार उन्नैसक लोकसभा चुनाव सँ एक प्रतिशत कम अछि।

———————————————————————

राजधानी पटना सहित प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे तापमान बढ़ला सँ गरमी बढ़ि गेल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार नओ शहरक अधिकतम तापमान चालीस डिग्री सेल्सियस सँ बेसी रहल। एकतालीस दशमलव नओ डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग बक्सर राज्यक सभ सँ बेसी गर्म स्थान रहल। ओतहि, पटनाक अधिकतम तापमान उनचालीस डिग्री सेल्सियस रहल। एम्हर, आइ कैमूर, रोहतास, बक्सर, भोजपुर, औरंगाबाद, अरवल आओर गया जिला मे उष्ण दिवसक स्थिति बनल रहल।

———————————————————————

अररिया जिला कुर्साकांटा पुलिस छापामारि कऽ तेरह किलो गांजाक संग दू तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

शिवहर पुलिस फराक—फराक ठाम सँ हथियारक संग चारि अपराधी के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

घोंघरडीहा थाना क्षेत्रक नौआाबखर पंचायतक वार्ड नम्बर तीन घावघाटक बिहुल नदी मे डुबि कऽ एक यूवकक मृत्यु भऽ गेलनि। मृतक घावघाटक गामक छलाह।

———————————————————————

बेगूसराय जिला मे अवैध नशीला पदार्थक विरूद्ध चलाओल जा रहल अभियान मे नगर थाना पुलिस, जिला आसूचना ईकाइ आओर चीता बल द्वारा संयुक्त रूप सँ छापामारि कऽ हरहर महादेव चौक लऽग सँ पचास कार्टून विदेशी शराबक संग गाड़ी आओर दू तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त भेल।